

# Fason pou Pran Doxy PEP

Lè ou pran Doxy PEP (antibiyotik doxycycline nan) apre ou fin fè bagay san kapòt — fè bagay nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen/avèk nan bouboun lè ou pa itilize yon kapòt pandan tout tan rapò seksyèl la dire a — redui risk pou pran sifilis, blenoraji ak klamidya.

**Doxy PEP la pi byen fonksyone nan 24 èdtan apre fin fè bagay san kapòt.**

## Sèks chak jou (oswa plis)

Pran de (2) konprime doxycycline 100-miligram (mg) nan espas 24 èdtan (epi pou pita 72 èdtan) apre ou fin fè bagay san kapòt.

Pran doxycycline nan byen chak jou lè ou fin fè bagay san kapòt, men, **pa pran plis pase 200 miligram (de (2) konprime 100 miligram) nan yon peryòd 24 èdtan.**

Pran dènye dòz la omwen 24 èdtan apre sa w te pran anvan an, epi nan 72 èdtan apre dènye fwa ou te fin fè bagay san kapòt la.

